

# Asistans pou Reyannplwa

## Kesyon ki Poze pi Souvan sou COVID-19



Si travay ou a te afekte negativman akòz efò atenyant kap fèt nan Florid pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la, ou kapab kalifye pou resevwa Asistans Reyannplwa.

### Moun ki kapab kalifye pou Asistans Reyannplwa enkli:

- Moun ke yon pwofesyonèl medikal oswa yon ajans gouvènmantral mete yo an karantèn,
- Moun patwon yo te revoke yo tanporèman oswa voye yo ale lakay san peye pou yon peryòd pwolonje akòz latèrè COVID-19 la, oswa
- Moun kap pran swen yon manm fanmi imedya ki dyagnostike avèk COVID-19 la.

Moun anplwa yo afekte, men ki toujou ap resevwa yon salè atravè konje peye, pa kalifye pou resevwa Asistans Reyannplwa.

### Kisa Asistans Reyannplwa ye?

Asistans Reyannplwa ofri benefis tanporè pou ranplase salè (asirans chomaj) moun ki kalifye ki pap travay san se pa fòt yo.

### Eske m kalifye pou Asistans Reyannplwa?

Si ou konn abitye resevwa salè nan eta Florid, ou aktivman kapab ak disponib pou chèche ak aksepte nouvo travay, epi ou aktyèlman pap travay oswa lè travay ou redwi san se pa pwòp fòt ou, ou kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyannplwa.

### Kòman m ka Depoze von Reklamasyon pou Asistans Reyannplwa?

Se sistèm CONNECT la ki jere reklamasyon pou Asistans Reyannplwa yo. Pou deposite reklamasyon w lan ale sou sistèm CONNECT la atravè [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org), clique sou Sant Sèvis Asistans Reyannplwa ki nan kwen dwat paj la.

Moun ki bezwen èd pou plen yon reklamasyon sou entènèt poutèt rezon legal, li iletre nan òdinatè, li gen baryè langaj, oswa li andikape ka rele 1-800-681-8102.

### Kisa map bezwen pou konplete von aplikasyon?

Wap bezwen enfòmasyon sa pou konplete von aplikasyon:

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Lisans chofè oswa ID Eta a
- Enfòmasyon sou anplwa 18 dènye mwa yo (ki enkli non konpayi an, rezon separasyon an, salè, ak dat ou fè nan travay la)
- Pèmi travay (si w pa yon sitwayen Ameriken)
- Manm DD-214 2, 3, 4, 5, 6, 7, oswa 8 (si w se yon anplwaye militè)
- SF 8 oswa SF 50 (si w se yon anplwaye federal)

### Kisa kap pase aprè mwen fin deposite reklamasyon an?

Aprè w fin konplete aplikasyon an, reklamasyon w lan gen de (2) nivo revizyon:

- Yap revize dosye salè w pou detèmine si ou te touche ase lajan ki pou fè w kalifye pou benefis yo
- Tout kesyon (tankou separasyon avèk travay la) ke yo dekouvri pandan aplikasyon w lan pral revize pou detèmine si w kalifye

Ou dwe konekte sou sistèm CONNECT la chak de (2) semèn pou fè demann pou peman benefis. Premye dat pou retounen sou CONNECT ap ekri nan fen aplikasyon w lan. Ou dwe kontinye fè demann pou benefis menm pandan yap revize reklamasyon w lan. Pandan peryòd demann ou an, ou dwe rapòte enfòmasyon sou **rechèch travay, travay** ak **tout salè ou ta ganve**.

### Kòman mwen pral resevwa peman yo aprè mwen fin deposite reklamasyon an ak lè m fin fè demann pou benefis yo?

Si yo detèmine ou kalifye aprè tout revizyon yo fin fèt, yap distribye peman yo atravè depo dirèk oswa atravè kat debit Way2Go a dapre sa w te chwazi nan aplikasyon inisyalyal ou a. Yap voye kat debit la ba ou atravè lapòs aprè yo fin fè pwosesis premye peman an epi kat la ka pran 7-10 jou ouvray pou w resevwa l. Lap pran 1-2 jou ouvray pou resevwa peman an aprè yo fin voye l.